**BANK SOAL KITA**
**UH 1 SEMESTER 2 KELAS V**
**MAPEL Bahasa Jawa**

**ULANGAN HARIAN KELAS V SEMESTER II KE 1**

| | | |
|---|---|---|
| Mata Pelajaran | : | Bahasa jawa |
| Hari / Tanggal | : | ……………. |
| Waktu | : | ……………. |
| Tema | : | Lingkungan |

Wacanen wacan ing ngisor iki kanthi permati!

**Pandhawa**

Pandhawa iku cacahe ana lima, mula terus diarani Pandhawa lima. Yudhistira minangka pambarepe Pandhawa, kang duwe watak ambek darma lan nrima ing pandum, adoh saka hawa nefsu. Sing nomer loro arane Raden Werkudara utawa Bima. Pawakane gedhe dhuwur tur gagah prakosa. Kang nomer telu utawa panengahe Pandhawa jenenge Raden Janaka kondhang baguse, prigel lan trampil manah. Dene Nakula lan Sadewa mujudage satriya kembar wuragile Pandhawa.

Pandhawa lima mujudage satriya kang anduweni watak utama, ambeg darma, lan luhur bebudene. Wiwit cilik mula wus katon luhuring budi. Seneng welas marang wong cilik, lan seneng tetulung marang wong kang nandhang sangsara.

**I. Wenehana tandha ping ( X ) ing aksara a, b, c, utawa d kang dadi wangsulan kang kok paling bener!**

1. Pandhawa cacahe ana ....
   a. lima b. enem c. Pitu d. wolu
2. Pambarepe Pandhawa yaiku .....
   a. Nakula b. Janaka. c. Yudhistira d. Werkudara
3. Kang sinebut satriya kembar saka Pandhawa yaiku ....
   a. Karna lan Sadewa c. Narayana lan Sadewa
   b. Nakula lan Sadewa d. Nakula lan Dewa.
4. Nguri-uri tegese ....
   a. ngrembaka b. mbucal c. ngilangake d. nglanggengake
5. Wis telung dina iki kulawargane Pak Darmo lan tangga-tanggane mapan ing tendha pengungsen. Prastawa ing dhuwur kalebu prastawa kang ....
   a. nyedhihake c. biasa
   b. nyenengake d. nglegagake
6. Piranti kanggo SMS jenenge .....
   a. email b. komputer c. HP d. telepon
7. Ibu Guru : “Kowe mau bubar mangan apa Rin?”
   Rini : “.........................................................”
   Wangsulane Rini kang bener yaiku ....
   a. Kala wau bubar dhahar kwaci c. Aku mau bubar nedha kwaci
   b. Aku mau mangan kwaci d. Kula wau bibar nedda kwaci
8. Pokal gawene manungsa ing ngisor iki kang bisa ndadekake rusaking lingkungan kajaba ....
   a. Mbuwang sampah ing papan sampah c. Nggolek iwak nganggo racun
   b. Mbuwang limbah ing kali d. Negori wit-witan
9. Kewan sing mangan ing terumbu karang yaiku ....
   a.hiu b. teripang c. ula d. kadhal
10. Tandurane katon ....
    a.garing b. urip lemu c. gersang d. ijo royo-royo

**II. Gathukna wangsulan ing sisih kiwa nganggo cara nulis aksarane ana ing njero kothak sing kok anggep bener!**

| | | |
|---|---|---|
| 11. Tresna asih, guyup rukun | ☐ | a. Gotong royong |
| 12. Gugur gunung | ☐ | b. pinter |
| 13. Nakula lan Sadewa | ☐ | c. saroja |
| 14. Kasak baline bodho | ☐ | d. Ki Hajar Dewantara |
| 15. 2 Mei | ☐ | e. Kembare Pandhawa |
| | | f. Ahmad Yani |

g. rame.

**III. Isenana titik-titik ing ngisor iki nganggo tembung kang mathuk!**

16. Pandhawa lima mujudake satriya kang duweni watak ....
17. Sing nyambut gawe padha guyup ....
18. Alas kang dibabati bakal nuwuhake ....
19. Para warga padha gugur gunung. Gugur gunung tegese ....
20. Suradi kerep mbolos, mulane Suradi dadi ....
21. Panengahe Pandhawa yaiku ....
22. Yen wayah bengi katon .... kang abyor endah yen sinawang
23. Cindhe Laras, Bawang Abang Bawang Putih kalebu ....
24. Tembung sing meh padha tegese dienggo bebarengan diarani ....
25. ?guyupR|kun ¿ . Tulisan jawa iku yen ditulis latin ....

**IV. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor manut printahe!**

26. Tulisen 3 wae piranti kanggo omong-omongan!

    Wangsulan : ______________________________

    ______________________________

    ______________________________

27. Apa wae kang nuwuhake banjir?

    Wangsulan : ______________________________

    ______________________________

    ______________________________

28. Tulisen aksara latin ing ngisor iki nganggo aksara jawa!

    "Suradi"

    Wangsulan : ______________________________

    ______________________________

29. Apa kang diarani "Reboisasi"?

    Wangsulan :

______________________________

    ______________________________

30. Gaweya ukara saka tembung ing ngisor iki!

    a. Kretek
    b. Tresna asih

    Wangsulan : ______________________________

    ______________________________

**ULANGAN LESAN**

**TES LESAN**

1. Asmaradana iku klebu tembang ....
2. Raden Harya Werkudara satriya ing ....
3. Polahe anteng kitiran tegese ....
4. Anggenipun dhawah ngantos ngedalaken ludira. Tembung ludira tegese ....
5. Pendhudhuk kang ngungsi udakara ana 800 jiwa. Udakara tembung liyane ....
6. Tembung sing meh padha tegese dienggo bebarengan diarani....
7. Tatune arang kranjang tegese ....
8. Pambayune Pandhawa yaiku ....
9. Duryudana iku ratu kang duwe sifat angkara ...
10. Entek amek, kurang ....

**TES PERBUATAN**

**Gaweua ukara nganggo tembung-tembung ing ngisor iki!**

| NO | TEMBUNG | UKARA |
|---|---|---|
| 1 | Gunung | |
| 2 | Guyup rukun | |
| 3 | Gotong royong | |
| 4 | Banjir | |
| 5 | Budi luhur | |

**KUNCI JAWABAN UNHAR BHS. JAWA KL.V SM 2 KE 1**

**TES TERTULIS**

**I. PILIHAN GANDA**
1. A
2. C
3. B
4. D
5. A
6. C
7. D
8. A
9. B
10. D

**II. MENJODOHKAN**

11. C
12. A
13. E
14. B
15. D.

**III. ISIAN**

16. utama
17. rukun
18. banjir
19. gotong-royong
20. bodho
21. janaka
22. lintang
23. dongeng
24. saroja
25. guyup-rukun

**IV. URAIAN**

26. HP, telepon
27. alas ditebangi, mbuwang sampah saenggon-enggon
28. surfi
29.Nandur wit-witan cilik ana ing hutan kang gundhul
30. kawicaksanan guru

**TES LESAN**.

1. macapat
2. Jodhipati
3. polahe akeh banget
4. getih
5. kira-kira
6. saroja
7. tatune akeh banget
8. Puntadewa, Yudhistira
9. Murka
10. golek

**TES PERBUATAN**

Kawicaksanan guru

Banksoalcom.blogspot.com